



Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2.25 MILYON DOLA NAN FINANMAN FEDERAL
POU AMELYORE KALITE DLO LONG ISLAND AK REDUI POLISYON**

*Envestisman nan Etid Detwa Long Island lan pou Ede Sipòte Pwogram
Amelyorasyon Sistèm Septik pou Pilzyè Ane*

Eta a Finalize Plan Basen Vèsan Konte Nassau a pou Redui Nitwojèn

**Efò yo Bati sou Pwogrè Rejyon an pou Anpeche Polisyon Danjere Afekte Abita ak
Kalite Dlo**

Gouvènè Kathy Hochul ak Etid Detwa Long Island (Long Island Sound Study, LISS) te anonse jodi a yon premye 2.25 milyon dola nan nouvo finansman federal ke Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) bay pou amelyore kalite dlo nan rivaj nò Long Island, anplis finalizasyon yon plan enpòtan pou ede Konte Nassau diminye polisyon nitwojèn. Bati sou gwo plan syantifik pou rediksyon polisyon ak sibvansyon Eta a pou enfrastrikti dlo pwòp nan kad Plan Aksyon Nitwojèn Long Island (Long Island Nitrogen Action Plan) la, de efò yo pral pote resous adisyonèl pou avanse efò pou restore ak pwoteje dlo potab ak bè Long Island yo.

"Finansman federal sa a pral amelyore basen vèsan yo ak sistèm septik yo nan plizyè kominote Long Island, sa k ap avanse angajman nou pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè a dlo pwòp epi ki an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la, nou pral kontinye travay ak Prezidan Biden ak Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal la pandan plis resous ap vin disponib pou adrese defi enfrastrikti dlo enpòtan ke kominote nou yo ap fè fas ak reyalize objektif amelyorasyon kalite dlo nou yo davantaj."

Anons yo jodi a pral ede adrese nitwojèn eksesif, sa ki mennen nan espas zòn mò oswa ipoksi nan dlo maren, potansyèl lanmò pwason, pwoliferasyon alg ki danjere, ak deteryorasyon marekaj ki reziste anba tanpèt. 2.25 milyon dola yo anonse jodi a se premye vèsman yon patenarya antisipe pou plizyè ane ak Etid Detwa Long Island lan ki pral ogmante siyifikativman finansman ki disponib pou ranplase sistèm septik demode yo nan konte Suffolk ak konte Nassau. Pandan senkan, yo prevwa yon 8 milyon dola ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Infrastruktik Bilateral (BIL) federal la pral ede sipòte amelyorasyon kalite dlo nan nivo eta a ak lokal. Etid Detwa Long Island lan se yon efò

koperativ ki enplike chèchè, regilatè, gwoup itilizatè yo, ak lòt moun ki gen enterè yo, epi li dirije pa Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini, New York, ak Connecticut.

Nan premye ane a, Etid la pral bay yon sibvansyon 2.25 milyon dola pou Inisyativ pou Rekipere Dlo Nou an nan Konte Suffolk (Suffolk County Reclaim Our Water Initiative) ak Pwogram Anviwònmantal Septik la pou Amelyore Pwoprete (Septic Environmental Program to Improve Cleanliness, S.E.P.T.I.C.) Konte Nassau a atravè Eta New York. Pwogram sibvansyon pou sistèm septik yo amelyore kalite dlo a lè yo ankoraje ak ensite ranplasman fòs ak sistèm septik ki pa bon oswa pa apwopriye mèt kay yo. Eta New York pral founi fon bay konte Suffolk ak Nassau pou ranbouse mèt pwopriyete ki elijib yo yon pòsyon nan depans yo te fè pou ranphase fòs ak sistèm septik ki pa bon yo epi enstale sistèm ki pi efikas pou anviwònman an. Pwopriyetè kay yo ka resevwa lajan nan alafwa pwogram eta a ak pwogram konte yo, sa ki lakòz omwen 20,000 dola nan sibvansyon pou enstale sistèm ki pi efikas pou anviwònman an ki retire plis nitwojèn pase yon sistèm septik konvansyonèl.

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Patenarya ki dire lontan New York ak Etid Detwa Long Island lan, ki te ranfòse pa sipò Prezidan Biden, Administratè EPA ki se Regan, ak sipò Delegasyon Kongrè nou an nan envèstisman federal pou bon jan kalite anviwònman ak klima kontinye pote fwi. Atravè enjeksyon finansman gouvènman Federal la, nou pral kapab akselere enstalasyon sistèm septik pou pwoteje kalite dlo ak anviwònman nou an epi kontinye travay nou ak Konte Nassau pou amelyore kalite dlo anpil nan plizyè fason. Pwoblèm kalite dlo Long Island yo grav epi efò Eta a ap fè pou jwenn plis finansman demonstre angajman Gouvènè Hochul ak DEC pou kontinye envesti nan lidèchip gouvènman lokal yo pou adrese pwoblèm kalite dlo epi kreye kominate ki pi an sante."

Administratè Rejyon pou Rejyon 2 Ajans Pwoteksyon Anviwònmnatal Etazini an, Lisa F. Garcia, te deklare, "Detwa Long Island lan ak dlo vwazen li yo se resous esansyèl ak enpòtan pou dè milyon moun k ap viv sou youn nan litoral ki pi ibanize nan peyi a. Gras a finansman ki disponib atravè Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la, EPAEtazini an kontan anpil pou li afekte yon montan inisyal ki se 2.25 milyon dola nan fon Etid Detwa Long Island EPA nan New York pou ranfòse sante kominate kotyè nou yo. Finansman EPA a pral ede ak enfrastrikti vèt, restorasyon bèj ak rivaj, ak sistèm septik ki ajou ak nouvo teknoloji pou redwi polisyon nitwojèn."

Direktè Biwo Detwa Long Island Ajans Pwoteksyon Anviwònmnatal Etazini an, Mark Tedesco, te deklare, "Redwi polisyon nitwojèn nan Detwa a se yon objektif nou genyen depi lontan pou LISS. Nou kontan franchi pwochen etap sa a nan travay dirèkteman ak kominate lokal yo pou ede asire yon anviwonman ki pi an sante."

DEC te apwouve tou resamman Plan Nèf Eleman Kle pou Nitwojèn (Nine Key Element Plan for Nitrogen) Konte Nassau a. Plan an ede avanse efò pou retabli ak pwoteje kalite dlo nan dlo anba tè a ak bè alantou Konte Nassau yo. Developman li an te finanse an pati pa Etid Detwa Long Island lan epi li se yon kolaborasyon ant Konte Nassau, DEC,

ak Lekòl Syans Atmosferik ak Maren (School of Atmospheric and Marine Sciences, SoMAS) Stony Brook University a. Rezilta a se yon plan syantifik pou redwi kantite nitwojèn k ap antre nan dlo yo nan Konte Nassau ak ozalantou yo. Konte Suffolk te konplete yon "Plan Nèf Eleman" ki similè an 2021.

Plan Nèf Eleman Konte Nassau a idantifye ak kantifye sous nitwojèn yo epi sèvi ak zouti pou detèmine chanjman nitwojèn yo tou depann de pratik jesyon yo mete an plas. Li rekòmande yon varyete pi bon pratik jesyon ak aksyon ki ka aplike pou atenn objektif rediksyon nitwojèn yo, tankou konekte kay ak biznis yo nan egou piblik yo, diminye itilizasyon angrè, ak ranplase septik ki pa bon yo pa sistèm tretman altènatif inovan sou plas, pou site sa yo sèlman.

Plan an gen ladan de aksyon k ap enplemante kounye a ki pral retire yon kantite nitwojèn siyifikatif ki soti toupre rivaj la: Pwojè Transpò Bay Park (Bay Park Conveyance Project) la ak Pwojè Deviyasyon Long Beach (Long Beach Diversion Project) la. Pwojè Transpò Bay Park se yon patenarya ant DEC ak Depatman Travo Piblik (Department of Public Works) Konte Nassau pou amelyore kalite dlo ak rezistans tanpèt nan Bè Lwès Long Island (Long Island's Western Bays) yo nan amelyore enfrastrikti jesyon dlo ize ki egziste deja. Li pral transpòte dlo trete ki soti nan Etablisman pou Rekiperasyon Dlo South Shore (South Shore Water Reclamation Facility) (ki te rele deja Izin Tretman Dlo Ize Bay Park (Bay Park Sewage Treatment Plant)), ki kounye a dechaje yon mwayèn 50 milyon galon dlo trete chak jou nan Kanal Reynolds la, nan tiyo devèswa oseyan senk km Izin Kontwòl Polisyon Dlo (Water Pollution Control Plant, WPCP) Cedar Creek la. Pwojè Deviyasyon Dlo Ize Long Beach la pral konvèti izin tretman dlo ize Long Beach la an yon estasyon ponpaj. Yo pral ponpe dlo ize soti nan estasyon ponpaj la ale nan Etablisman Rekipesyon Dlo South Shore a pou tretman. Anplis de sa, Etablisman Rekiperasyon Dlo South Shore a byen avanse nan direksyon yon amelyorasyon konplè ki kapav reziste anba tanpèt k ap fèt san okenn depans kontribiyab lokal yo oswa Konte Nassau.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Mwen te goumen depi lontan pou pwoteje anviwonman Long Island ak anik akifè dlo potab la kont flewo polisyon nitwojèn lan. Mwen te ramne yon finansman federal rekò nan tout zòn yo nan New York, tankou pou pwojè enfrastrikti dlo potab ak dlo ize, epi Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Egzekitif Konte a ki se Bellone paske yo dedye kantite finansman federal sa a pou agrandisman egou ak Pwogram Amelyorasyon Septik Konte Suffolk la. Alokasyon yon lòt 2.25 milyon dola nan fon federal sa a se yon kout pouz nan kad efò pou prezèvè vwa navigab Long Island yo epi asire sante piblik."

Egzekitif Konte Nassau a Bruce Blakeman te deklare, "Mwen kontan anpil pou m kreye patenarya ak Gouvènè Hochul pou m byen sèvi ak fon federal sa yo pou ede pwoteje vwa navigab yo nan Long Island. Mwen apresye tou èd Senatè Schumer ak lòt ofisyèl federal nou yo ki te ede sekirize lajan sa yo ki nesesè anpil."

Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare, "Lè m te antre an fonksyon, mwen te deklare nitwojèn ènmi piblik nimewo en pou dlo nou an. Depi lè sa a, nou te fè

gwo pwogrè ki gen ladann lansman Inisyativ pou Rekipere Dlo Nou an nan Konte Suffolk, sa ki ede redwi siyifikativman kantite nitwojèn ki rantre nan vwa navigab nou yo. Mwen ta renmen remèsyé Eta New York pou sipò kontinyèl yo epi pou ede yo bay lajan pou amelyore kalite dlo Long Island pou jenerasyon k ap vini yo."

Doktè Christopher Gobler, Pwofesè nan Lekòl Syans Atmosferik ak Maren (SoMAS) nan Stony Brook University, te deklare, "Aksyon sa a se yon lòt prèv ki montre Eta New York envesti nan byen ki pi presye li a: dlo pwòp. Pwojè sa yo pral pwoteje apwovizyonman dlo potab Long Island lan pandan y ap pwoteje dlo sifas yo ak lapèch ak abita maren ak dlo dous ki asosye yo. Alòske kalite dlo potab ak dlo sifas nan Long Island te bese pandan plizyè dizèn ane, efò Eta New York te fè pandan plizyè ane ki sot pase yo ak aksyon sa a te kòmanse ansanm pou ranvèse tandans sa yo nan benefis rezidan Long Island aktyèl yo ak jenerasyon k ap vini yo."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an (Citizens Campaign for the Environment), Adrienne Esposito, te deklare, "Nouvo sous finansman sa a se yon lòt viktwa nan batay pou konbat polisyon nitwojèn lan ak amelyore kalite dlo nan Detwa Long Island lan. Ipoksi, mare wouj, mare wouye ak lanmò pwason masif yo tout lye ak polisyon nitwojèn eksesif. Ranplase septik ansyen yo pa nouvo teknoloji ki trete dlo egou nou yo pral pwoteje plaj, bè ak pò nou yo. Envestisman eta ak federal san parèy nan enfrastrikti dlo pral bay kominote nou yo avantaj lokal ki dire lontan. Nou remèsyé lidè eta ak federal nou yo ki te defann dlo pwòp."

Kevin McDonald, Konseye Règleman Long Island nan The Nature Conservancy, te deklare, "The Nature Conservancy felisite Gouvènè Hochul paske li dedye nouvo resous enpòtan pou akselere restorasyon dlo pwòp ak kòt ki an sante nan Long Island. Polisyon nitwojèn ki soti nan sistèm septik demode nwi bêt sovaj, fèmen plaj yo, epi menase ekonomi, sante nou, ak fason nou viv. The Nature Conservancy remèsyé anpil lidè efò sa a e li espere kontinye sipòte ak avanse envestisman enpòtan pou konsèvasyon sa yo atravè tout zile a."

Finansman rekò nan enfrastrikti bon jan kalite dlo Eta New York la ap kontinye sipòte tou ranplasman septik. Dènyèman, [Gouvènè Kathy Hochul te anonse 30 milyon dola](#) nan Pwogram Ranplasman Septic Eta a - 22 milyon ladan yo pral nan pwojè Long Island yo - pou ede abòde plizyè milye fòs ak sistèm septik ki pa respekte estanda oswa ki pa bon ki lakòz gwo pwoblèm nan kalite dlo nan reyon an ak nan tout eta a. Bidjè Eta pou ane 2022-23 te otorize 1.2 milya dola siplemantè pou yon total 4.2 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik istorik la. Inisyativ istorik sa a ke votè New York yo te apwouve an gran majorite, pral mete ajou enfrastrikti dlo ki aje, epi pwoteje kalite dlo; redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 poustan, ak yon objektif 40 poustan, nan resous nan kominote defavorize yo.

Bidjè a te gen ladan tou 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total envestisman Eta a nan dlo pwòp nan 4.5 milya dola depi 2017. Bidjè a founi tou 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminisyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo.

Pwogram sibvansyon finansman septik ak Plan Nèf Eleman yo fè pati Plan Daksyon Nitwojèn Long Island lan nan yon sans ki pi laj, oswa LINAP, ki se yon patenarya ant DEC, Konsèy Planifikasyon Rejyonal Long Island lan (Long Island Regional Planning Council), ak Konte Suffolk ak Nassau pou kowòdone efò rediksyon nitwojèn sou zile a. LINAP te devlope an repons ak pwoblèm kalite dlo dokimante akòz nitwojèn eksesif k ap antre nan tè a ak dlo sifas yo e li te fè pwogrè enpòtan nan pi byen konprann sous nitwojèn yo ak pi bon fason pou diminye sous sa yo.

Pou aprann plis sou pwogram septik Rekipere Dlo Nou an nan Konte Suffolk voye mesaj imèl nan: septicdemo@suffolkcountyny.gov. Pou aprann plis sou Pwogram Anviwònmantal Septik la pou Amelyore Pwoprete nan Konte Nassau, vizite sit entènèt pa yo nan: <https://www.nassaucountyny.gov/5191/Nassau-Septic>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418